



REKLAME

“Mwen ka respire
finalman.”

ASHLEE – Filadèlfi

LAJAN OU

Rekipere jiska \$7,830 avèk kredi taks federal pou revni ou reyalize (Earned Income Tax Credit, EITC).

Ou ta gendwa resevwa EITC baze sou:

ESTATI DEKLARASYON ENPO OU

Ou gen yon nimewo Sekirite Sosyal ki valab.

KALIFIKASYON

Ou dwe gen omwen laj 25 lane men mwens pase 65 lane, si w pa gen depandan. Si w pi jèn oswa w pi gran, ou gendwa kalifye si w deklare depandan.

NIVO REVNI OU

Ou te touche mwens pase \$59,899 nan yon travay an 2024 si ou selibatè.

Fè deklarasyon enpo ou GRATIS!

Pa peye pou reklame ranbousman ou. Philly gen patnè ou ka fè konfyans ki kapab ede ou reklame EITC ak lòt ranbousman yo gratis. Ale sou

ClaimYourMoneyPHL.com

pou kontakte Campaign for Working Families oswa Ceiba.

Sa se yon ranbousman enpo federal pou moun k ap travay epi fanmi ki ranpli sèten kondisyon revni. Pa gen okenn pyèj. Pa gen restriksyon oswa kondisyon espesyal. Se lajan pa ou pou ou itilize jan ou vle, epi ou ka reklame li GRATIS.

Plis pase 40,000 Moun Filadèlfi pèdi okazyon pou reklame ranbousman yo chak ane. Mwayèn ranbousman an se \$2,250. Pa gen okenn rezon pou ou kite lajan sa a nan pòch gouvènman an lè li ta kapab nan pòch pa ou, epi li dwe nan pòch ou! Si ou gen timoun, ou ta ka kalifye tou pou Kredi Enpo pou Timoun (Child Tax Credit).

Sezon enpo a louvri!

DAT LIMIT LA POU FÈ DEKLARASYON ENPO SE 15 AVRIL.

NAN PATENARYA AVÈK



CWFphilly.org

CeibaPhiladelphia.org



Eskane la a oswa vizite **ClaimYourMoneyPHL.com** pou jwenn dokiman nan lòt lang.

REKLAME

“Sa te retire anpil presyon sou mwen.”

CAROLYN – Filadèlfi

LAJAN OU



Rekipere jiska \$2,000 pou chak timoun avèk Kredi Enpo federal pou Timoun (Child Tax Credit, CTC).

Sa ou ta dwe konnen sou CTC:

- **ANPIL PARAN OSWA GADYEN LEGAL KALIFYE.** Si timoun ou yo gen yon nimewo Sekirite Sosyal epi yo te gen mwens pase 17 lane an 2024, ou gendwa kalifye. Granparan, paran adoptif ak paran akèy yo, ak lòt moun gendwa kalifye si yo kapab reklame timoun yo kòm depandan.
- **PA GEN PWOBLÈM SI OU PA TE TOUCHE ANPIL.** Menm si ou pa te fè ase revni pou w deklare enpo, ou ta ka kalifye pou kèk pati nan ranbousman CTC a. Nou ka ede w detèmine si w kalifye.
- **SA P AP AFEKTE AVANTAJ OU YO.** Ranbousman CTC yo pa konte kòm revni epi yo p ap afekte kalifikasyon ou pou SNAP, Medicaid, oswa lòt avantaj yo.
- **OU PA GEN POU OU RANBOUSE LI.** Se lajan pa ou, nètalkole, pou kèlkeswa sa fanmi ou bezwen.
- **ÈSKE W TE RATE CTC NAN ANE ANVAN YO?** Si w pa te deklare taks pou 2021, 2022 oswa 2023, ou gendwa petèt te rate plizyè milye dola. Kèk paran ki te gen ti revni jiska lavalè \$0 te kalifye. Kontakte nou pou w deklare enpo pou yon ane anvan epi reklame kredi ou te rate yo.

Fè deklarasyon enpo ou GRATIS!

Pa peye pou reklame lajan ou. Philly gen patnè ou ka fè konfyans ki kapab ede ou reklame CTC ak lòt ranbousman yo gratis. Ale sou

ClaimYourMoneyPHL.com

pou kontakte Campaign for Working Families oswa Ceiba.



Eskane la a oswa vizite **ClaimYourMoneyPHL.com** pou jwenn dokiman nan lòt lang.

Paran oswa gadyen timoun yo ka resevwa yon ranbousman enpo ki pi gwo si yo reklame CTC an. Kritè pou kalifikasyon yo ak montan ranbousman an te chanje dènyeman, kidonk kontakte nou jodi a pou w wè si w kalifye. Epi ou ka reklame lajan ou GRATIS toujou.

Sezon enpo a louvri!

DAT LIMIT LA POU FÈ DEKLARASYON ENPO SE 15 AVRIL.

NAN PATENARYA AVÈK



CWFphilly.org

CeibaPhiladelphia.org